УДК 78.071.3(574.2)

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН ДӘСТҮРИЙ САЗ АТҚАРЫЎШЫЛЫҒЫНДА ГИРЖЕК ӘСБАБЫНЫҢ ОРНЫ ҲӘМ АТҚАРЫЎ УСЫЛЛАРЫ

**Шныбеков Аллияр Бекбергенович** – *үлкен оқытыўшы*
mailto:shnibekovalliyar@gmail.com
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

# РОЛЬ И МЕТОДЫ ИСПОЛНЕНИЯ ГИРЖЕКА В ТРАДИЦИОННОМ ИСПОЛНЕНИИ КАРАКАЛПАКСТАНА

**Шныбеков Аллияр Бекбергенович** – *старший преподаватель*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE ROLE AND METHODS OF PERFORMING THE G'IRJAK INSTRUMENT IN KARAKALPAK TRADITIONAL MUSIC PERFORMANCE

**Shnibekov Alliyar Bekbergenovich** – *Senior Lecturer*
*Nukus branch of the Uzbekistan State Institute of Arts and Culture*

**Таяныш сөзлер:** гиржек, қарақалпақ музыкасы, дәстүрий саз әсбабы, атқарыўшылық, халық мийрасы, тарлы саз әсбаплары, музыка мәдenияты.

**Резюме.** Бул мақалада Қарақалпақстан аймағында кең тарқалған дәстүрий саз әсбапларынан бири болған гиржеклердиң келип шығыўы, дүзилиси ҳәм атқарылыў өзгешеликлерине итибар қаратылған халда талқыланады. Сондай-ақ, қарақалпақ халық музыкасында гижжектиң тутқан орны, оның басқа да саз әсбаплары менен үнлеслиги ҳәм атқарыў усылларының өзине тән тәреплери илимий тийкарда сәўлелендириледи. Мақала миллий музыкалық мийрасты үйрениў ҳәм оны жас әўладқа жеткериўде үлкен әҳмийетке ийе.

**Ключевые слова:** гиржек, каракалпакская музыка, традиционные музыкальные инструменты, исполнительство, народное наследие, струнные инструменты, музыкальная культура.

**Резюме.** В данной статье анализируется один из традиционных музыкальных инструментов, широко распространённых на территории Каракалпакстана гиржек, с акцентом на его происхождение, конструкцию и исполнительские особенности. Кроме того, научно освещается роль гиржека в каракалпакской народной музыке, его гармония с другими инструментами и характерные черты стилей исполнения. Статья имеет важное значение для изучения национального музыкального наследия и его передачи молодому поколению.

**Key words:** gijjak, karakalpak music, traditional musical instruments, performance, folk heritage, string instruments, musical culture.

**Summary.** This article analyzes one of the traditional musical instruments widely found in the region of Karakalpakstan  the gijjak  focusing on its origin, structure, and performance characteristics. In addition, the study highlights the role of the gijjak in Karakalpak folk music, its harmony with other instruments, and the distinctive features of its performance styles, all on a scientific basis. The article is of significant importance for the study of national musical heritage and its transmission to younger generations.

**КИРИСИЎ.** Қарақалпақстан Республикасы бай музыкалық мийрасқа ийе болып, онда дәстүрий саз әсбаплары әҳмийетли орын тутады. Усындай әсбаплардан бири гиржек болып, ол тек өзиниң нәзик ҳәм жаңғырлы даўысы менен емес, ал атқарыўшылық имканиятларының кеңлиги менен де ажыралып турады. Гиржек әййемнен халық арасында кең қолланылған ҳәм түрли мәресимлер, тойлар ҳәм көркем шығыўларда тийкарғы әсбаплардан бири есапланған. Гиржек шертилетуғын тарлы саз әсбабы болып, оның тарийхы Орайлық Азия аймағында әййемги дәўирлерге барып тақалады. Қарақалпақ аймағында гржектың өзине тән формасы ҳәм безеўлери бар. Әсбап әдетте ағаштан жасалады, төменги бөлими тери менен қапланады ҳәм 3-4 тар менен үскенеленеди.

**УСЫЛЛАР.** Бул илимий мақала темасын сәўлелендириўде тарийхый-салыстырмалы сыпатлаўшы, классификациялық, коньтекстуал ҳәм комплексли қатнас таллаў усыллары қолланылды. Изертлеў гржек тарийхын сәўлелендириў машқалаларын теориялық ҳәм тарийхый-көркем түсиниўге қаратылған заманагөй көркем өнертаныў усыллары тийкарында көрип шығылған.

**НӘТИЙЖЕЛЕР ҲӘМ ДОДАЛАЎ.** Гиржек Орайлық Азия халықлары арасында

кең тарқалған әййемги тарлы-жайлы саз әсбапларының бири. Изертлеўшилердиң пикиринше, гиржек Шигис мәмлекетлеринде пайда болып, саз әсбаплары болып, ол тарлы саз әсбаплар топары қурамына киреди. Бул түрдеги әсбаплар кейин ала ҳәр қыйлы аймақларда өзине тән форма ҳәм атқарыў усылларын раўажландырған.

Гиржек әсбабы әсиресе Орайлық Азия, соның ишинде, Қарақалпақстан аймағында кең тарқалган болып, жергиликли халық музыкасында әҳмиетли орын иелейди. Тарийхый дереклерге қарағанда, гиржек дәслеп әпиўайы формада болған ҳәм ўақыт өтиўи менен оның дүзилиси жетилисип барған. Гиржектың өзине тән тәреплеринен бири оның тик ҳалда дизеде ямаса жерге қойып атқарылыўы болып табылады. Бул болса они басқа тарлы саз әсбапларынан ажыратып туради. Әсбаптың даўысы жумсақ, созымлы ҳәм инсан даўысына жақын болып, бул қәсийет оны нама ҳәм дәстан атқарыўында оғада әҳмийетли етеди.

Қарақалпақ дәстүринде гиржектиң формасы ҳәм безеўлери де өзине тән болып, айырым жағдайларда ол миллий нағыслар менен безетиледи. Бул болса әсбапты тек ғана музыкалық емес, ал эстетикалық жақтан да қәдирлениўине себеп болады. Солай етип, гиржек әсбабы өзиниң әййемги тарийхы, жетик дүзилиси ҳәм бай атқарыў имканиятлары менен халық музыка мәдениятының әҳмийетли елементи есапланады. "Шығыс музыкасы - бул Шығыс философиясы, жәҳән мәдений мийрасы қатарында Шығыс музыкасының орны үлкен." [1.308] Қарақалпақ халық музыкасында гиржек жетекши саз әсбапларынан бири есапланады. Ол бақсышылық көркем өнеринде, дәстан атқарыўында ҳәм де ансамбль қурамында кең қолланылады. Гиржек даўысы инсан даўысына жақын болғаны себепли, ол намалардың сезимталлы көринисин күшейтеди. Ол тек ғана жеке атқарыўда емес, ал ансамбль қурамында да кең қолланылатуғын тийкаргы әсбаплардан бири. Қарақалпақ халық музыкасында гиржек көбинесе бақсышылық көркем өнери менен тығыз байланыслы.

Бақсылар тек ғана атқарыўшы емес, ал тарийхты, үрп-әдетлерди ҳәм халық рууҳын жеткериўши көркем өнер ғайраткери сыпатында тән алынады. Бақсышылық көркем өнери, халқымыз Орта Азияға көшип келгеннен кейин, әсиресе XVIII әсирде Хорезмге келгеннен кейин қарақалпақлар арасында бақсышылық көркем өнериниң кеңнен тарқалғаны ҳәм раўажланғаны илимпазларымыздың шығармаларында өз тастыйықланыўын тапқан. Қарақалпақ халық жыршылары, атқарыўшыларының дуўтар шертип, қосық айтып атқаратуғын көркем өнер ийесиниң бири "бақсы" деп аталады. Бақсылар өзлериниң репертуары, шертетуғын намасы, даўысы, қосық айтыў мәнери бойынша жыраўлардан кескин ажыралып турады. [2.92]

Бақсылар тәрепинен атқарылатуғын дәстанларда гиржек намаға сезимлилик, тереңлик ҳәм тәсиршеңлик бағышлайды. Оның даўысы дәстанның мазмунын жәнe де тәсирли жеткериўге хызмет етеди. Гиржек қарақалпақ музыкалық ансамбльлеринде жетекши әсбаплардан бири есапланады. Ол көбинесе дуўтар, дәп ҳәм басқа миллий саз әсбаплары менен үнлес атқарылады. Бундай ансамбль атқарыўында гиржек нама тийкарын алып барыўшы ямаса они безеўши әсбап ўазыйпасын атқарады. Сондай-ақ, гиржек лирикалық ҳәм драмалық намаларды атқарыўда кең имканиятларга ийе.

Халық намаларын, қосықларын кемине келтирип атқарыў ҳәр бир сазендеден, қосықшыдан үлкен талант, уқыплылық, терең сезим, көп жыллық тәжирийбе, оқып үйрениў шыдамлылық ҳәм жууапкершилик пенен қатнас жасап мийнет етиўди талап етеди. [3.7]. Усы арқалы гиржек атқарыўшылығы дәстүрлери даўам еттирилип, жаңа әўладқа жеткерилип атыр. Атқарыўшылар нама мазмунына қарап ҳәр қыйлы динамикалық ҳәм көркемлеў қуралларынан пайдаланады.

Гиржек атқарыўшылығы өзиниң қурамалылығы ҳәм көркемлеў имканиятларының кеңлиги менен ажыралып турады. Әсиресе, Қарақалпақстан аймағында қәлиплескен атқарыўшылық дәстүрлери өзине тән стильлик тәреплерге ийе болып, олар әсирлер даўамында устаз-шәкирт дәстүри арқалы раўажланып келген. Ең тийкарғы тәреплерден бири, оқ жайдың ҳәрекети. Каманды дурис жүргизиў арқалы сестиң тегислиги, күши ҳәм даўамлылығы тәмийинленеди. Атқарыўшылар каманды гейде жумсақ, гейде кескин ҳәрекетлендирип, нама характерине сәйкес нама пайда етеди. Гиржекте анық намаларды пайда етиў ушын бармақлар жүдә нәзик ҳәм тез ҳәрекетлениўи керек. Бул болса атқарыўшыдан жоқары дәрежедеги шеберлик ҳәм шынығыўды талап етеди. Атқарыўшылықта кең қолланылатуғын усыллардан бири, вибрация (тербелиў) техникасы болып табылады. Бул усыл арқалы сеске жанлылық ҳәм сезимлилик бериледи.

Сондай-ақ, безеўли атқарыў елементлери, трилл, глиссандо сыяқлы усыллар да кең қолланылады. Олар намаға нәзиклик ҳәм байлық қосады.

Қарақалпақ гиржек атқарыўшылығында импровизация әҳмийетли орын тутады. Атқарыўшылар нама тийкарын сақлаган ҳалда, оган өзлериниң дөретиўшилик қатнасларын қосады. Бул болса ҳәр бир атқарыўды тәкирарланбас ҳәм өзине тән етеди. Бул жағдай әсиресе дәстан ҳәм лирикалық шығармалардың атқарылыўында айқын көринеди. Заманагөй дәўирде гиржек атқарыўшылығы жаңа басқышқа көтерилмекте. Дәстүрий усыллар сақланған ҳалда, жаңа техникалар ҳәм сахналастырыў усыллары кирип келмекте. Бул болса гиржек өнериниң және де байыўы ҳәм раўажланыўына хызмет етеди. Бүгинги күнде гиржек тек ғана дәстүрий музыкада емес, бәлки заманагөй сахна шығармаларында да қолланылмақта. Музика мектеплери ҳәм коньсерваторияларда гиржек атқарыўшылығы өз алдына бағдар сыпатында оқытылады. Заманагөй дәўирде гиржек атқарыўшылығы билимлендириў системасы арқалы раўажланбақта. Музыка мектеплери, колледжлер ҳәм жоқары билимлендириў мәкемелеринде гиржек атқарыўшылығы өз алдына пән сыпатында оқытылып, профессионал атқарыўшылар таярланбақта. Бул болса миллий саз әсбабы атқарыўшылығы дәстүрлерин илимий тийкарда үйрениў ҳәм раўажландырыў имканиятын бермекте. Ол оркестр ҳәм ансамбльлердиң қурамында, түрли жанрлардағы шығармаларда қолланылып, өзиниң бай сүўретлеў имканиятларын көрсетпекте. Айырым жағдайларда гиржек заманагөй музыка бағдарлары менен үйлестирилип, жаңа экспериментал усыллар жаратылмақта. Заманагөй атқарыўшылар дәстүрий атқарыў усылларын сақлаган ҳалда, жаңа техникаларды қолланбақта.

Жуўмақлап айтқанда, заманагөй дәўирде гиржек атқарыўшылығы дәстүрий ҳәм инновациялық бағдарлардың үйлесими тийкарында раўажланбақта. Бул процесс миллий музыка мийрасын сақлаў менен бирге, оны жаңа басқышқа алып шығыўда әҳмийетли фактор болып хызмет етеди.

**Пайдаланылған әдебиятлар**


1. Қ.Айымбетов. Халық даналығы. Нөкис, "Қарақалпақстан" 1988-жыл. 308 б.
2. М.Шамуродова. Көркем өнер ҳәм мәдeният хабаршысы. 4-сан 2025 92 б.
3. Г.Алламбергенова. Көркем өнер ҳәм мәдeният хабаршысы. 3-сан 2025 7 б.